



---

Alo Paran ak Responsab,

Kounye a se moman pou chwazi mòd ansèyman pitit ou a, an pèsòn oswa aprantisay adistans, pou rès ane lekòl 2020-2021 la. Peryòd pou ou enfòmè Distri a chwa ou pou dezyèm semès la ap rete ouvè jouk Lendi 11 janvye 2021. Tanpri ranpli pwosesis sa a pou chak timoun nan kay ou. Dezyèm semès la ap kòmanse 2 fevriye 2021.

Si pitit ou a aktyèlman vini lekòl anpèsòn epi ou ta renmen li kontinye konsa, pa gen lòt aksyon ki nesèsè. Sepandan, si pitit ou ate nan aprantisay adistans, n ap mande ou antre nan pòtal pitit ou a pou w konfime chwa w. Rezon ki fè sa se paste distri a poste yon lèt pou elèv ki nan aprantisay adistans yo epi ki pa fè pwogrè adekwa.

Distri a rekòmande pou elèv ki nan aprantisay adistans yo ki genyen difikilte akademikman retounen anpèsòn nan lekòl yo.

Gouvènè Ron DeSantis ak Depatman Edikasyon Florid (FLDOE) pran menm pozisyon konsènan elèv sa yo ki gen difikilte nan aprantisay adistans. Aprann plis sou sa nan [Dekrè Egzekitif Gouvènè a](#).

Distri a okouran ke sa a se yon desizyon trè enpòtan pou paran yo ak responsab yo. Tanpri revize [kesyon yo poze pi souvan yo ak repons yo](#). Pandan w ap revize kesyon sa yo ou pral wè tou yon videyo ki montre w kijan pou w rantre pòtal elèv la.

Chwa ou fè kounye a ap rete annaplikasyon jis nan fen ane a. Men si paran an genyen sikonstans espesyal, li toujou kapab mande yon ekzansyon pou chanje mòd enstriksyon pandan rès ane a.

Mèsi davans paske w swiv delè yo etabli pou fè chwa ou pou dezyèm semès la.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pran angajman pou asire tout elèv atenn tout potansyèl yo.